**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ**
**STATISTIKA BASQARMASÍ**





# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*2022- jıl yanvar-iyun* (dáslepki maǵlıwmat)



**Sanaat statistikası bólimi**
**Tel.: 61-222-75-87**

# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*(2022- jıl yanvar-iyun aylarında)*

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında respublika kárxanaları tárepinen 8864,8 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 100,5 % ti quradı.

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi (86,0 %) ti quradı.

| 0,7 % | 86,0 % | 12,6 % | 0,7 % |
|---|---|---|---|
| **B** | **C** | **D** | **E** |
| *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew* | *Islep shıǵaratuǵın sanaat* | *Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw* | *Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw.* |

## Tiykarǵı ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw, FKI* *% te*

| | 2021- jıl yanvar-iyun | 2022- jıl yanvar-iyun |
|---|---|---|
| B | 10,9 % | 81,2 % |
| C | 111,9 % | 100,4 % |
| D | 136,7 % | 102,2 % |
| E | 104,0 % | 104,6 % |

* **Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi** *islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.*

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kóleminiń ósiwine tiykar bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń – 0,4 % ke, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw – 2,2 % ke hámde suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw – 4,6 % ke ósiwine xızmet etti.

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

**yanvar-iyun**

**2022- jıl**
**64,9 mlrd. sum**

**2022- jıl**
**81,2 %**

**2021- jıl**
**41,2 mlrd. sum**

**2021- jıl**
**10,9 %**

**B**

**2020- jıl**
**64,9 mlrd. sum**

**2020- jıl**
**93,3 %**

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 64,9 mlrd. sumdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,7 % tin quradı.

## Jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi, % te

**2021- jıl**
**B**
**0,5 %**

**2022- jıl**
**B**
**0,7 %**

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, *% te*




| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-iyun | 2022- jıl yanvar-iyun | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| **Hák tas, mıń t.** | 88,2 | 123,1 | 34,9 |







| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-iyun | 2022- jıl yanvar-iyun | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| **Tabiyiy gaz, mln. kub.m.** | 1028,5 | 712,6 | -315,9 |
| **Gaz kondensatı, mıń t.** | 49,6 | 39,9 | -9,7 |

# Islep shıǵaratuǵın sanaat







2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 7624,9 mlrd. sumdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 86,0 % tin quradı.

**2021-jıl yanvar-iyun** 85,9 %

**2022-jıl yanvar-iyun** 86,0 %

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,2 % ti (2021- jıl yanvar-iyun 1,7 %), orta-joqarı texnologiyalı – 61,7 % (66,8 %), orta-pás texnologiyalı 4,6 % (3,5 %) hám pás texnologiyalısı – 33,5 % (28,0 %) ti quradı.



*Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi – 62,2 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 99,0 %), azıq-awqat hám ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 14,6 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 100,4 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 17,3 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 104,6 %), basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 3,4 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 121,4 %) quradı.*

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti

***Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda,*** *% te*


















2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatta 19,4 mıń tonna paxta talası (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 29,0 % ke ósken), 1,4 mıń tonna tazalanǵan gúrish (20,0 %), 143,7 mıń tonna portlandcement (17,7 %), 27,7 mıń tonna paxta shigiti (16,2 %), 8,8 mıń tonna paxtadan iyirilgen jip (2,5 %), 63,2 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (0,1 %),islep shıǵarılıp, joqarı ósim páti gúzetildi. Sonıń menen birge 1755,5 mıń litr araq (6,7 %) hám 1,9 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (51,7 %) islep shıǵarılıp, 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti páseygenligi gúzetildi.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-iyun | 2022- jıl yanvar-iyun | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| | | | |
| **Araq, *mıń litr 100 % li spirt*** | 1881,1 | 1755,5 | -125,6 |
| **Polietilen, *mıń t.*** | 173,1 | 150,2 | -22,9 |
| **Polipropilen, *mıń t.*** | 48,1 | 42,3 | -5,8 |
| **Jumsaq biyday hám spelta unı, *mıń t.*** | 63,1 | 63,2 | 0,1 |
| **Paxta talası, *mıń t.*** | 15,0 | 19,4 | 4,4 |
| **Ósimlik mayı (tazalanǵan), *mıń t.*** | 3,9 | 1,9 | -2,0 |

## Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw

*2021- jıldıń yanvar-iyun ayları juwmaǵına bola ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 56,9 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 114,8 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 61,7 % ti, fizikalıq kólem indeksi 98,8 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 4705,2 mlrd. sumdı quradı.*




## Basqa metal emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıl yanvar-iyun aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 2,3 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 102,3 % ke quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-iyun ayları juwmaǵına bola, basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 3,4 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 21,4 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 259,7 mlrd. sumdı quradı.*

## Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıl yanvar-iyun aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 11,0 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 92,9 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-iyun ayları juwmaǵına kóre, azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 13,3 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 4,1 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 1013,5 mlrd. sumdı quradı.*



## Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,0 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 132,6 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-iyun ayları juwmaǵına bola, ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,3 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 107,3 % ti hám islep shıǵarıw kólemi 101,4 mlrd. sumdı quradı.*




## Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-iyun aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 10,6 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 124,7 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 16,3 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 0,3 % ke kemeygen bolsa, islep shıǵarıw kólemi 1240,2 mlrd. sumdı quradı.*

## Kiyim islep shıǵarıw sanaatı

*2021- jıldıń yanvar-iyun ayları juwmaǵına bola, kiyim islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 0,6 % ti, fizikalıq kólem indeksi 103,9 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 1,0 % ti, fizikalıq kólem indeksi 149,5 % ti, islep shıǵarıw kólemi 77,7 mlrd. sumdı quradı.*



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 1113,8 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 12,6 % tin) quradı.

2022- jıldıń yanvar-iyun aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen támiyinlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 2,2 % ke óskenligi gúzetildi.




## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-iyun | 2022- jıl yanvar-iyun | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Elektroenergiya,** *mln.kVt.s* | 2454,5 | 2797,0 | 342,5 |
| **Issılıq energiyası,** *mıń gkal* | 36,7 | 28,5 | -8,2 |
| **Gaz sıyaqlı janılǵını trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler,** *mlrd. sum* | 57289,7 | 62122,9 | 4833,2 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 61,2 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,7 % tin) quradı.




### Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-iyun | 2022- jıl yanvar-iyun | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 3551,0 | 4198,8 | 647,8 |
| Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 8012,3 | 9468,4 | 1456,1 |
| Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 29054,1 | 30752,6 | 1698,5 |

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda suwǵa islew beriw hám trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler–5,8 % ke, aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler– 18,2 % ke, qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler–18,2 % ke óskenligi gúzetildi.

## Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

*Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 1425,1 mlrd. sumdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 111,6 % ti, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 16,1 % ti quradı.*

### Azıq-awqat ónimleri

**2021- jıl yanvar-iyun** 61,1 %

**2022- jıl yanvar-iyun** 62,9 %

### Aziq-awqat emes ónimler

**2021- jıl yanvar-iyun** 38,9 %

**2022- jıl yanvar-iyun** 37,1 %

*Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw quramında vino hám araq ónimleri hám pivo 7,0 % (2021- jıl yanvar-iyun aylar ında 6,2 %) ti quradı.*

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 18,3 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 12,9 % ti, Ellikqala rayonı 11,7 % ti, Tórtkúl rayonı 8,6 % ti, Beruniy hám Xojeli rayonları 7,1 % ti, Shımbay rayonı 6,4 % ti quradı.*

*Sonday-aq, tutınıw ónimlerin islep shıǵarılıwınıń ósim páti respublika ósim páti (111,6 %) darejesinen joqarı kórsetkish Qaraózek (181,6 %), Shomanay (165,9 %), Ellikqala (160,2 %), Shımbay (142,1 %), Ámiwdárya (132,5 %), Nókis (130,9 %), Moynaq (125,8 %), Taqıyatas(115,6 %), Beruniy (113,8 %) hámde Xojeli (113,4 %) rayonlarında quradı.*

## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 18,3 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 12,9 % ti, Ellikqala rayonı 11,7 % ti, Tórtkúl 8,6 % ti, Beruniy hám Xojeli rayonları 7,1 % ti, Shımbay rayonı 6,4 % ti quradı.*




*1253,5 mlrd. sum*
*2020- jıl*

*1229,6 mlrd. sum*
*2021- jıl*

*1425,1 mlrd. sum*
*2022- jıl*




Jámi sanaat islep shıǵariw kóleminde tutınıw ónimleriniń úlesi

**2020- jıl** — **104,3 %**

**2021- jıl** — **102,7 %**

**2022- jıl** — **111,6 %**

## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵariwdıń respublikadaǵı jámi kólemindegi eń joqarı úles Ellikqala rayonına 23,3 % ti tuwrı kelip, sonday aq, Nókis qalası 12,5 % ti, Xojeli rayonı 10,1 % ti, Tórtkúl rayonı 9,3 % ti, Shomanay rayonı 7,5 % ti, Beryniy rayonı 6,3 % ti hám quradı.

**449,4** mlrd. sum
2020- jıl

**478,3** mlrd. sum
2021- jıl

**528,6** mlrd. sum
2022- jıl




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat emes ónimleriniń úlesi

01 2020- jıl 96,9 %

02 2021- jıl 112,7 %

03 2022- jıl 109,8 %



## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Nókis qalası na tuwrı kelip 21,7 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 18,4 % ti, Tórtkúl rayonı 8,2 % ti, Beruniy rayonı 7,6 % ti, Shımbay rayonı 7,1 % ti, Xojeli 5,3 % ti hámde Taxtakópir 5,2 % ti rayonları quradı.




*804,1 mlrd. sum*
*2020- jıl*

*751,3 mlrd. sum*
*2021- jıl*

*896,5 mlrd. sum*
*2022- jıl*




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat ónimleriniń úlesi

01 — 2020- jıl — 108,9 %

02 — 2021- jıl — 97,3 %

03 — 2022- jıl — 112,7 %

## Qaraqalpaqstan Respublikası qala hám rayonlar kesiminde sanaat islep shıǵarıw kólemleri

Respublikadaǵı sanaat islep shıǵarılıw quramında eń kóp úles Nókis qalası (Respublika sanaat islep shıǵarılıw kóleminiń 55,5 % ti), Taqıyatas (13,1 %), Qońırat (4,1 %), Tórtkúl (3,9 %), Ámiwdárya hám Beruniy (3,4 %) rayonlarına tuwrı kelmekte.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

| Jıl | mlrd. sum |
|---|---|
| 2020- jıl | 6757,0 mlrd. sum |
| 2021- jıl | 8297,4 mlrd. sum |
| 2022- jıl | 8864,8 mlrd. sum |



| Jıl | % |
|---|---|
| 2020- jıl | 103,0 % |
| 2021- jıl I | 107,2 % |
| 2022- jıl | 100,5 % |

| | FKI, % te | mlrd. sum |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 108,5 | 299,4 |
| Beruniy | 117,8 | 298,1 |
| Bozataw | 103,3 | 11,0 |
| Qaraózek | 108,4 | 183,8 |
| Kegeyli | 106,2 | 89,1 |
| Qońırat | 97,1 | 362,8 |
| Qanlikól | 103,3 | 190,1 |
| Moynaq | 109,1 | 87,1 |
| Nókis r. | 104,6 | 140,8 |
| Taqıyatas | 100,7 | 1160,6 |
| Taxtakópir | 112,1 | 176,9 |
| Tórtkúl | 133,2 | 348,2 |
| Xojeli | 107,8 | 124,4 |
| Shımbay | 96,3 | 138,5 |
| Shomanay | 107,6 | 87,9 |
| Ellikqala | 101,3 | 241,0 |
| Nókis qalası | 96,8 | 4925,1 |

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Nókis qalasında (14898,4 mıń sum), Taqıyatas (15330,8 mıń sum) rayonında ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (4533,4 mıń sum) ádewir joqarılaǵanın kórsetpekte.




### Qaraqalpaqstan Respublikası

2020- jıl
3548,5 mıń sum

2021- jıl
4303,9 mıń sum

2022- jıl
4533,4 mıń sum



01 2020- jıl 104,5 %

02 2021- jıl 105,9 %

03 2022- jıl 99,1 %

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimleri islep shıǵarıwı 728,8 mıń sum bolǵanda Taqıyatas rayonında 2436,9 mıń sumdı, Taxtako'pir rayonında 1421,7 mıń sumdı, Ellikqala 1006,1 mıń sumdı, Shomanay rayonında 904,3 mıń sumdı hám Xojeli rayonında 803,1 mıń sumdı quradı.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

**2020- jıl** — 658,3 mıń sum

**2021- jıl** — 637,8 mıń sum

**2022- jıl** — 728,8 mıń sum



**2020- jıl** — 102,2 %

**2021- jıl** — 101,5%

**2022- jıl** — 110,0 %



## Sanaat ónimleri islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi

*Esabat dáwirinde kishi isbilermenlik subyektleri tárepinen 1634,3 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılıp, onıń ulıwma islep shıǵarıw kólemindegi úlesi 18,4 % ti quradı.*




### Qaraqalpaqstan Respublikası

**2020- jıl** — 1516,2 mlrd. sum

**2021- jıl** — 1556,3 mlrd. sum

**2022- jıl** — 1634,3 mlrd. sum



**2020- jıl** — 22,4 %

**2021- jıl** — 18,8 %

**2022- jıl** — 18,4 %

## Respublikada hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

Búgingi kúnde respublikada 3383 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, sonnan 1918 (hárekettegi kárxanalar ulıwma sanınıń 56,7 %) Nókis qalasına 675 (20,0 %), Tórtkúl rayonına 343 (10,1 %), Ámiwdárya rayonına 306 (9,1 %), Ellikqala rayonına 299 (8,8 %), Beruniy rayonına 295 (8,7 %) tuwrı kelmekte.




### Jańadan ashılǵan kárxanalar

2020- jıl — 335 dana

2021- jıl — 460 dana

2022- jıl — 455 dana



### Hárekettegi kárxanalar

2020- jıl — 2493 dana

2021- jıl — 3146 dana

2022- jıl — 3383 dana

## Tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwı.

*Respublikadaǵı sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdıń joqarı ósim pátine erisiwde tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıw jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwı da óz tásirin kórsetti. Usı dástúr sheńberinde kiritilgen 43 joybar boyınsha 280,5 mlrd. sumlıq ónimler islep shıǵarıldı. Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde islep shıǵarılǵan ónimler 3,7 mln AQSh dollari muǵdarında eksport qılındı.*

| | 2021- jıl | 2022- jıl |
|---|---|---|
| Joybarlar sanı, *birlikte* | 42 | 43 |
| Kárxanalar sanı, *birlikte* | 36 | 24 |
| Islep shıǵarıw kólemi , *mlrd. sum* | 243,9 | 280,5 |
| Jańadan jaratılǵan jumıs orınları, *birlikte* | 152 | 85 |

*Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde 2022- jıl yanvar-iyun aylarında 85 jańa jumıs orınları jaratıldı ham ótken jıldıń sáykes dáwirne salıstırǵanda jańadan jaratılǵan jumıs orınları sanı 44,1 % ke ósken. Sonıń menen birge, 2021- jıl yanvar-iyun aylarına salıstırǵanda jergiliklestirilgen ónimler eksportı kóleminiń kemeygenligi gúzetildi.*